№5 (19889) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГІАЛАЙКУМ

# ХIАКЪИКЪАТ

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

9 февраль 2024 с.
рузман

ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

## КОР ва гъелда сверухъ ахIвал-хIал



ГІадамаз гъекъезе ва ракьал лъалъазе лъел къварилъи кидаго букIана гIодобльиялда. Жеги XVIII-XIX гIасрабаздаго гьеб хIужаялъ рес кьолароан Порт-Петровск (МахIачхъала) шагьар, гьелъул промышленность цебетIезабизе, гьелда сверухъ бугеб ракь пайдаялда хIалтIизабизе. Киналъего хIажатаб лъим хасал поездаз баччулеб букIун буго Сулахъ гIоралдаса, «Шуринка» лъарахъа, хIалтIизабулеб букIун буго Тарки-Тау мугIрузул иццазул лъимги.

Гьеб суал тIубаялъе тIоцебе Сулахъ гIурухъа лъел канал бахъизе хIалбихьун букIана 1875 соналда, амма батIи-батIиял гIиллабаздалъун жибго тун буго гьеб хIалтIи. КIиабилеб нухалда гьеб ишалде журан руго 1882 соналда ва 1888 соналда гьеб щун буго Порт-Петровскиялде, хадусеб соналда биччан буго лъимги. Проект гIуцIулаго ва хIалтIи гьабулаго риччарал гъалатIазул хIасилалда хIалтIун гьечIо гьебги, заманалдасан каналги цIун буго салуца. Лъабабилеб нухалъ гьеб иш байбихьун буго 1921-1923 соназда, каналги (Канал Октябрьской Революции) лъугIун, лъим щун буго шагьаралде. Пачалихъалъе кутакалда захIматаб, жеги захIматал шартIазда гьабураб гьеб къиматаб хIалтIухъ СССРалъул регионазда гьоркьоб тIоцебе Дагъистаналъе щвана ЗахIматалъул БагIараб Байрахъалъул орден.

*(Хадусеб 3-аб. гьумералда)*

СПОРТ

## МагIарухъ хоккей

Ункъабилеб февралалда Хунзахъ росулъ тIобитIана мугIрузул районазул росабазул командабазда гьоркьоб хоккей хIаялъул рахъалъ чемпионат. Исана гьеб тIобитIана лъабабилеб нухалда.

Берцинаб хоккей бихьизабуна командабаз, амма бищунго ракI тIаде цIалеб хIай букIана финалиял къецазде рорчIарал Хунзахъ ва Шамил районалъул Зивуриб росдал командабазда гьоркьоб. ХIалуцараб дандчIваялдаса хадуб бергьана хунздерил команда.

Лъабабилеб бакI ккуна Хунзахъ районалъул Гьонохъ росдал командаялъ. Бергьаразе шапакъатал кьезе ва Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГIумахановасул рахъалдасан кIалъазе гьениве вачIун вукIана гьесул кумекчи Шамил МухIумаев.

*(Хадусеб 2-аб. гьумералда)*



ЗАМАНАЛЪУЛ ГЬОКО

### МагIарул миллат: тарих ва къисмат



6 гьум. >>>

МУГIАЛИМ

### Сайрудин Пейзулаев: «ЦIалдохъабазе хилиплъичIо дун»



7 гьум. >>>

ГIАДАМАЛ ВА ГIУМРУ

### Нечаевкаялдаса каратист



10 гьум. >>>